

## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Lokasi jeung Sumber Data

##### 3.1.1 Lokasi

Kabupatén Karawang mangrupa bagian tina wilayah Jawa Barat nu sacara astronomis aya dina kordinat  $5^{\circ}50'$  nepi ka  $7^{\circ}51'$  *Lintang Selatan* jeung  $104^{\circ}48'$  nepi ka  $108^{\circ}48'$  *Bujur Timur* (Warliyah, 2007, kc. 3).

Lokasi nu jadi tempat ieu panalungtikan nya éta Kacamatan Tegalwaru nu mangrupa salasihiji kacamatan di Kabupatén Karawang. Kacamatan Tegalwaru ieu jadi wates Kabupatén Karawang jeung Kabupatén Purwakarta ti beulah wétan. Wates



Gambar 3.1




Kacamatan Tegalwaru di beulah kalér nya éta Kacamatan Pangkalan, di beulah kidul jadi wates Kabupatén Karawang jeung Kabupatén Bogor jeung Kabupatén Cianjur, sarta di beulah kulon watesna nya éta Kacamatan Pangkalan. Kacamatan Tegalwaru téh ngawengku salapan désa, nya éta Cigunungsari, Cintalaksana, Cintalanggeng, Cintawargi, Cipurwasari, Kotalanggeng, Kutamaneuh, Mekarbuana jeung Wargasétra sarta mibanda 80 kampung.

Ngaran-ngaran tempat kayaning désa, kampung, gunung, walungan, jeung tempat-tempat géografis lianna nu bakal jadi tempat panalungtikan, sarta dipedar kasang tukang dumasar carita rayatna.

### 3.1.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku, hasil observasi, sarta hasil wawancara jeung narasumber (pangjejer). Anapon ngaran-ngaran pangjejer dipedar di handap ieu.





**Tabél 3.1**  
**Daptar Pangjejer Panalungtikan**






No.	Ngaran	Keterangan	Poto
1.	Bapa Imén (88 Taun)	Pakasaban : Patani, Panganjrekan : Kp. Pasir Pining Kalungguhan : Sesejuh Kp. Pasir Pining	
2.	Bapa Arkélan (90 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cipetir Kalungguhan : Sesejuh Kp. Cipetir	
3.	Bapa Halimi (51 Taun)	Pakasaban : Hansip Panganjrekan : Kp. Boncérét Kalungguhan : Nu nyimpen konci Monumén Gempol Ngadeupa	






4.	Bapa Jaji (51 Taun)	Pakasaban : Guru Panganjrekan : Kp. Pasir Cili Kalungguhan : Mantan Kadés Cipurwasari	
5.	Ma Nélis (60 Taun)	Pakasaban : Sindén Panganjrekan : Kp. Cidoro Kalungguhan : Seseputuh Kp. Pasir Sela Awi	
6.	Ust. Ubun (65 Taun)	Pakasaban : Ustad Panganjrekan : Kp. Parakanbadak Kalungguhan : Inohong Kp. Parakanbadak	
7.	Pa Ruk (60 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Jayanti Kalungguhan : Seseputuh Kp. Jayanti	
8.	Abah Jadun (99 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cijati Kalungguhan : Seseputuh Kp. Cijati	

9.	Abah Éli (65 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cilalay Kalungguhan : Sesepuh Kp. Cilalay	
10.	Ki Ahmad (75 Taun)	Pakasaban : Kuncén Sanggabuana Panganjrekan : Kp. Bakansitu Kalungguhan : Kuncén	
11.	Pa Lulu (58 Taun)	Pakasaban : PNS Panganjrekan : Kp. Waru Kalungguhan : Inohong Kp. Waru	
12.	Wakil Karnadi (70 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Bakan Dalem Kalungguhan : Sesepuh Kp. Bakan Dalem	
13.	Abah Engkos (80 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cikukulu Kalungguhan : Sesepuh Kp. Cikukulu	


14.	Ust. Ukriya (70 Taun)	Pakasaban : Guru ngaji Panganjrekan : Kp. Ménténg Kalungguhan : Inohong masarakat Kp. Ménténg	
15.	Dalang Tama (75 Taun)	Pakasaban : Dalang Panganjrekan : Kp. Cinapel Kalungguhan : Sesepuh Kp. Cinapel	
16.	Pa Atang (50 Taun)	Pakasaban : Satpol PP Kec. Tegalwaru Panganjrekan : Kp. Ciakar Kalungguhan : -	
17.	Pa Acang (65 Taun)	Pakasaban : Satpam Pasar Munjul Panganjrekan : Kp. Munjul Kalungguhan : -	
18.	Pa H. Holil (76 Taun)	Pakasaban : Guru ngaji Panganjrekan : Kp. Loji Kalungguhan : Sesepuh Kp. Loji	


19.	Pa Gojali Pramulya (76 Taun)	Pakasaban : Guru SMP PGRI Pangkalan Panganjrekan : Kp. Bakan Randu Kalungguhan : Seseput Kp. Bakan Randu	
20.	Pa Atib Satibi (61 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Bakan Jéngkol Kalungguhan : Kuncén Kuburan Salapan	
21.	Wa Alé (62 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cipeuteuy Kalungguhan : Seseput Kp. Cipeuteuy	
22.	Ma Kainah (80 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cijati Kalungguhan : Seseput Kp. Cijati	
23.	Pa Kasim (82 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Pasir Cangkudu Kalungguhan : Seseput Kp. Pasir Cangkudu	

24.	Ki Sunta (60 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Calingcing Kalungguhan : Seseput Kp. Calingcing	
25.	Pa Koim (63 Taun)	Pakasaban : Ustad Panganjrekan : Kp. Cilaksana Kalungguhan : Seseput Kp. Cilaksana	
26.	Wk. Sahiya (66 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Kirajilin Kalungguhan : Seseput Kp. Kirajilin	
27.	Mantri Karma (69 Taun)	Pakasaban : Mantri Panganjrekan : Kp. Kalapa Gading Kalungguhan : Seseput Kp. Kalapa Gading	
28.	Pa Obing (74 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Kawung Gading Kalungguhan : Seseput Kp. Kawung Gading	

29.	Pa H. Fadil (65 Taun)	Pakasaban : Pupuhu Madrasah Assasuttarbiyah Panganjrekan : Kp. Kadu Mungkus Kalungguhan : Sesepuh Kp. Kadu Mungkus	
30.	Pa Apin (52 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Ciputri Kalungguhan : Inohong Kp. Ciputri	
31.	Ki Anam (97 Taun)	Pakasaban : Véteran Panganjrekan : Kp. Cikamuning Kalungguhan : Sesepuh Kp. Cikamuning	
32.	Bu Ute Sukaésih (68 Taun)	Pakasaban : IRT Panganjrekan : Kp. Pasir Camay Kalungguhan : Sesepuh Kp. Pasir Camay	
33.	Pa Aos (82 Taun)	Pakasaban : Pénsiunan Panganjrekan : Kp. Cacaban Kalungguhan : Sesepuh Kp. Cacaban	
34.	Pa Acip (72 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Tegalmalang Kalungguhan : Sesepuh Kp. Tegalmalang	




35.	Pa Endas (48 Taun)	Pakasaban : Guru SMAN 1 Pangkalan Panganjrekan : Kp. Tegalmalang Kalungguhan : Inohong Kp. Tegalmalang	
36.	Pa Unta (80 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Kiréwok Kalungguhan : Sesepuh Kp. Kiréwok	
37.	Pa Samsudin (48 Taun)	Pakasaban : Guru SMPN 1 Tegalwaru Panganjrekan : Kp. Cicangor Kalungguhan : Inohong Kp. Cicangor	
38.	Ki Olih (70 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cicangor Kalungguhan : Sesepuh Kp. Cicangor	
39.	Pa Sarya (58 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Tipar Kalungguhan : Inohong Kp. Tipar	

40.	Pa Odém (78 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Palasari Kalungguhan : Sesejuh Kp. Palasari	
41.	Uyut Didi (68 Taun)	Pakasaban : Kuncén Mbah Ronggang Naringgul Panganjrekan : Kp. Naringgul Kalungguhan : Kuncén	
42.	Ki Acé (90 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Cinaga Kalungguhan : Sesejuh Kp. Cinaga	
43.	Pa Encur (70 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Kopi Kalungguhan : Sesejuh Kp. Kopi	
44.	Ki Oléh (72 Taun)	Pakasaban : Patani Panganjrekan : Kp. Jungkur Kalungguhan : Sesejuh Kp. Jungkur	

Pangejer-pangejer nu disebutkeun di luhur mangrupa sumber data utama dina ieu panalungtikan. Tina wawancara, studi pustaka, jeung observasi téh data bisa kakumpulkeun, tuluy ngahasilkeun hiji hasil panalungtikan anu luyu jeung harepan panalungtik.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa konséptualisasi operasional panalungtikan nu bakal jadi patokan panalungtikan. Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta desain anu nyoko kana desain panalungtikan kualitatif nurutkeun Musfiqon dina bukuna “*Métodologi Penelitian Pendidikan*” (2012, kc. 88).



**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan Kualitatif**  
 (Musfiqon, 2012, kc. 88)

Dina ieu desain panalungtikan kualitatif, oriéntasina leuwih difokuskeun kana masalah, lain nguji hipotésis. Salian ti éta, dina ieu panalungtikan téh teu digunakeun populasi jeung sampel, nu aya subjék jeung informan panalungtikan.

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Panalungtikan mangrupa kagiatan ilmiah anu teu bisa dileupaskeun tina méthodologi pikeun ngahontal udaganana. Méthodologi boga peran nu penting dina prosés panalungtikan. Musfiqon (2012, kc. 14) nétélakeun yén méthode panalungtikan nya éta léngkah jeung cara tina néangan, ngarumuskeun, ngumpulkeun data, jeung nyieun kacindekan tina masalah dina panalungtikan.

Méthode nu digunakeun sangkan udagan panalungtikan kahontal nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun hiji kajadian. Ku kituna, hasil jeung kacindekan tina panalungtikan déskriptif umumna mangrupa konsép jeung variabel anu ditalungtik, medar bédana konsép jeung variabel, atawa ngahubungkeun variabel nu hiji jeung nu séjénna (Sudjana, 2011, kc. 52).

Dina ngagunakeun ieu méthode, panalungtik ngumpulkeun data anu nyampak, nu saterusna disusun jadi hiji carita sajarah pikeun bahan pangajaran di sakola. Ku kituna, méthode panalungtikan déskriptif ieu dijadikeun méthode panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun carita sajarah dumasar carita rayat nu sumebar di masarakat Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang.

### 3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré jeung teu lésot tina udagan, di handap ieu dijelaskeun wangenan istilah-istilah nu aya patalina jeung analisis folklor toponimi di Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang pikeun bahan pangajaran maca sajarah lokal di SMAN 1 Pangkalan.

- 1) Toponimi nya éta tata cara atawa aturan méré ngaran tempat dina waktu nu tangtu.
- 2) Folklor nya éta bagian budaya koléktif anu sumebar sacara turun-tumurun ti hiji generasi leuwih kolot ka generasi nu leuwih ngora ku cara lisan.
- 3) Kacamatan nya éta daérah bagéan kabupatén atawa kota administratif nu ngawengku sababaraha désa atawa kelurahan nu dipingpin ku camat.

- 4) Tegalwaru nya éta salasahiji kacamatan nu aya di Kabupatén Karawang, anu saméméh taun 2005 masih kénéh ngagabung jeung Kacamatan Pangkalan.
- 5) Bahan pangajaran nya éta rincian tina poko-poko bahasan atawa sub-sub poko bahasan dina kurikulum.
- 6) Maca nya éta prosés nu dilakukeun sarta digunakeun ku nu maca, pikeun meunangkeun pesen anu rék ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan média tinulis.
- 7) Sajarah lokal nya éta sajarah tina hiji tempat lokal anu watesanana ditangtukeun ku kasapukan panulis sajarah.
- 8) SMAN 1 Pangkalan nya éta salasahiji SMA nu aya di Kacamatan Pangkalan, sarta mangrupa SMA negeri hiji-hijina di antara Kacamatan Pangkalan jeung Kacamatan Tegalwaru.

Tina pedaran di luhur, bisa dicangkem yén oriéntasi panalungtikan ieu téh nya éta sajarah lokal dumasar tiponimina, sarta dijudulan *Analisis Folklor Toponimi di Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajarah Lokal di SMAN 1 Pangkalan*.

### **3.5 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nya éta pakakas pikeun meunangkeun data nu dipilih saluyu jeung jenis data nu rék ditalungtik (Sudjana, 2011, kc. 58). Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta ditataan di handap ieu.

#### 1) Alat Pangrekam

Alat pangrekam digunakeun pikeun ngumpulkeun data lisan ngeunaan folklor nu patali jeung toponimi nepi ka kaguar sajarah lokal nu aya di Kacamatan Tegalwaru.

#### 2) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal penting nu patali jeung panalungtikan, kayaning pangjejer, tempat-tempat penting, jsb.

#### 3) Padoman Wawancara

Marlina Senja Utami, 2014

*Analisis Folklor Toponimi di Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajarah Lokal di SMAN 1 Pangkalan*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Padoman wawancara digunakeun pikeun nulis biodata informan jeung ngajaring informasi ngeunaan toponimi dumasar folklor nu patali jeung sajarah lokal di Kacamatan Tegalwaru.

### PADOMAN WAWANCARA

#### I. Biodata Informan

- 1) No informan :.....
- 2) Ngaran :.....
- 3) Umur :.....
- 4) Panganjrekan :.....
- 5) Atikan :.....
- 6) Pakasaban :.....
- 7) Kalungguhan :.....

#### II. Padoman Patalékan

- 1) Kasang tukang ngaran tempat (désa, kampung, jeung tempat séjénna).
- 2) Carita nu milu ngarojong kana ngaran ieu tempat.
- 3) Kajadian nu nétélakeun nepi ka hiji ngaran diabadikeun jadi ngaran tempat.
- 4) Bukti atawa fakta ka éta sajarah nu ngarojong ngaran tempat.
- 5) Harti ngaran tempat (dumasar sawangan masarakat satempat).

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data.

#### 1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data panalungtikan ngagunakeun studi pustaka, studi dokuméntasi jeung wawancara. Léngkah-léngkahna nya éta:

- a) néangan data statistik ka kantor Kacamatan Tegalwaru;
- b) néangan data monografi jeung topografi ka kantor-kantor désa nu aya di Kacamatan Tegalwaru;

- c) néangan carita rayat dumasar toponimi nu aya di Kacamatan Tegalwaru ku cara ngawawancara narasumber (informan) di unggal kampung;
- d) ngadokuméntasikeun sagala rupa nu patali jeung panalungtikan.

## 2) Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis. Sabada data-data geus dikumpulkeun, tuluy diolah kalayan léngkah-léngkah:

- a) mariksa jeung niténan data nu geus kakumpulkeun;
- b) ngaidéntifikasi toponimi nu ngandung carita rayat;
- c) nganalisis jeung ngadéskripsikeun carita rayat nu patali jeung toponimi;
- d) nyieun kacindekan tina ngaidentifikasi carita rayat nu ngandung sajarah lokal.